*Ассаламу гIалайкум, квербакъайги!*

# ЧIАРАДА

ЧАРАДА

gcharada@mail.ru

ЧIАРАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 6 (7324) РУЗМАН 17 февраль 2023 сон

12+

## Иргадулаб аппаратальулаб данделъи

Дагъаб цебе «ЧIарада район» МОялъул бетIер МухIидин МухIамадовас



тIобитIана аппаратальулаб данделъи. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель ХIусен ГIарабиев, отделазул начальникал ва муниципалиял учреждениязул нухмалъулел.

Данделъаразе саламги кьун районалъул бетIерас лъазабуна жиде-жидер бутIабазда нухмалъулез гьабураб хIалтIул баян. КIвар буссинабуна гьабулеб хIалтIул хIасил лъикIаб букIинабизе ккеялде, республикаялъул нухмалъулез бакIалъулаб самоуправлениялъул гIуцIабазда цере лъолел суалал мухIканго ва гIужда тIуразариялде.

Хадур гъоркьор лъуна кIвар бугел суалал, хас гьабун бицана районалъул учительзабазе кколеб харж кватIизабиялъе ругел гIиллабазул, налогал ракIариялъул бугеб ахIвалхIалалъул ва Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул байрамалде гьарулел ругел тадбиразул.

Ахиралда киналго гIахьаллъаразул кIвар буссинабуна районалъул захIматчагIазул рукIа-рахъин лъикI гьабиялъул мурадалда цадахъаб хIалтIи гьабизе ккеялде.



## Конкурс лъазабуна




Расул ХIамзатовасул 100 сон тIубаялъул юбилеялде «Сакля Гамзатова» ва «Онлайн Дагестан» телеграм-каналаз лъазабулеб буго цадахъаб конкурс.

ХIамзатовасул кучIдул цIалулаго рахъарал видеоял, нужерго ФИО хъван, мухIканаб адресги хъван ритIизе бегьула @Onlinedag_bot. Видеоял ритIизе бегьула 26 февралалде щвезегIан.

ЛъикIго лъугьарал рахъизе руго батIи-батIиял каналазда. Конкурсалъул хIасилал гьаризе руго онлайн-голосованиялъ. Бергьаразе кьезе рихьизарун руго къиматал сайгъаталги.

## Депутатасул кумек



Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат, нилъер ракьцояв МухIамад СагIдулаевас жиндирго буголъиялдаса 1000 000 гъурущ гIарац битIана хасал счетазда гуманитарияб кумек хIисабалда Турциялдагун Сириялда ракьбагъариялъул хIасилалда зарал ккарал гIадамазе (гьел улкабазул посольствабаздаса). Гьединго зарал ккаразе кумек хIисабалда депутатас битIана 20 тонна продуктабазул ва цогидабги тIоцебесеб хIажалъиялъул къайиги.

РАСУЛ ХIАМЗАТОВ ГЬАВУРАЛДАСА 100 СОН ТIУБАЯЛДЕ

## Расул ХIамзатовасул сон рагьана







Халкъияв поэт Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъул юбилеялъулаб сон ЧIарада районалда рагьиялда хурхун тадбир тIобитIана ЦIуриб Культурияб кIалгIаялда. Гьениб ана лъикIаб литературиябгун музыкалияб тадбир.

Залалда гIодор чIарал ракьцоязе саламги кьун, районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад ГIумаровас бицана рехсараб культурияб тадбир тIобитIиялъул бугеб кIудияб кIваралъул.

«Дида ракIалде ккола Россиялда ва тIолабго дунялалда батиларин нилъее киназего хирияв поэт Расул ХIамзатовасул цIар ва гьунар лъалареб бакI. Гьесул гьунаралдалъун Дагъистаналъул цIар рагIизабуна кисакибего. Жиндирго кучIдузулъ гьес кидаго ахIулел рукIана ВатIан бокьиялде, гIемераб хъвалеб букIана жиндирго халкъалъул культураялъул, гIадатазул, рукIа-рахъиназул хIакъалъулъ», – ян ракIалде щвезабуна МухIамад ГIумаровас.

Рехсараб тадбиралда гIахьаллъи гьабизе вачIарав нилъер ракьцояв Дагъистаналъул халкъияв поэт МухIамад Насрулаевас данделъаразе бицана Расул ХIамзатовасул моралияб ва гIаданлъиялъул рахъалъ рукIарал тIадегIанал къиматазул, Дагъистаналъухъ гьесул букIараб ракIбухIиялъул, жиндиргун гьесул букIараб гьудуллъиялъул ва цо-цо ракIалдаса унарел лъугьа-бахъиназул.

«Расул ХIамзатовасул цо хасаб рокьи букIана ЧIарада районалдехун ва гьенир гIумру гьабулел гIадамаздехун, гьес цо-цо мехалда абулаан живги чIарадисев вугилан. Нижер гьудуллъи ккана Шагьав ГIабдурахIманов Дербенталда цIалулев вукIараб заманалдаго. Доб мехалда ГIумар-хIажи Шахтамановгун цадахъ гIемер щолаан Расулихъе гьоболлъухъ. Гьеб заманалда баккараб буго Шагьас ахIулеб букIараб ЧIарадисезул гимнги», – ян бицана МухIамад Насрулаевас.

Тадбир тIобитIулаго данделъаразе бихьизабуна поэтасул ва гьесул гьунаралъул видеоролик. Гьенир халкъияв поэтас цIалана жиндирго кучIдул, рихьизаруна Расулгун цадахъ рахъарал цохIого ЧIарада районалдаса поэтаздагун хъвадарухъабазда гурелги, цогидал цIар рагIарал батIи-батIиял чагIазда цадахъ рахъарал суратал.

Сценаялдаса Культурияб рукъалъул артистаз, ЦБСалъул хIалтIухъабаз, «Радуга» лъималазул ясли-ахалда ругьун гьарурал гьитIичаз рикIкIана ва ахIана поэтасул кучIдул. Гьединго залалда гIодорчIаразда бихьизабуна Расул ХIамзатовасул «Горянка» абураб сценка. Гьениб лъикIаб цере рахьин бихьизабуна культураялъул хIалтIухъабаз ва ЦIуриб школалъул цIалдохъабаз.

Фаеялъул залалда гIуцIун букIана Расул ХIамзатовасул тIахьазул ва ЦДОДалъул цIалдохъабаз рахъарал суратазул выставка.

Ахиралда гьеб тадбир гIуцIараб къагIидаялда нухда бачарай ДРялъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан Рашидат ГIалиасхIабовалъ ахIана киналго гIахьалчагIи ва залалда гIодор чIарал цадахъ ЧIарада районалъул гимн ахIизе.

*ХIадурана М. РАСУЛОВАЛЪ, перевод КЪ. ЧАХИЕВАСУЛ*







# Бюджет МО «село Шалиб» на 2023 год

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ СЕЛЬСКОГО
ПОСЕЛЕНИЯ «село Шалиб» ЧАРОДИНСКОГО РАЙОНА

## РЕШЕНИЕ

*от 28 декабря 2022 года № 5*

Принято на сессии Собрания депутатов

**О бюджете МО «село Шалиб» на 2023 год**

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации, Федеральным законом от 06.10.2003 г. № 131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом муниципального образования «село Шалиб», СОБРАНИЕ **РЕШИЛО:**

1. Утвердить основные характеристики бюджета МО «село Шалиб» (далее – местный бюджет) на 2023 год:
- прогнозируемый объем доходов местного бюджета в сумме 2542,24 тыс. рублей, в том числе объём межбюджетных трансфертов из бюджетов других уровней бюджетной системы Российской Федерации – 2432,24 тыс. руб.;
- общий объем расходов местного бюджета в сумме 2542,24 тыс. рублей.
- размер дефицита бюджета в сумме 0 тыс. рублей.

2. Утвердить верхний предел муниципального долга по долговым обязательствам:
- на 1 января 2024 года в сумме 0 тыс. руб.;

3. Утвердить предельный объем муниципального долга:
- на 2023 год 0 тыс. руб.

4. Утвердить, что в расходной части создается резервный фонд администрации МО «село Шалиб» в размере 10 тыс.руб.

5. Утвердить, что доходы местного бюджета в 2022 году формируются за счет:
1) налоговых доходов,
2) неналоговых доходов,
3) безвозмездных поступлений.

6. Утвердить прогнозируемые доходы бюджета на 2023 по классификации доходов бюджетов Российской Федерации согласно приложениям 1, 2 к настоящему решению.

7. Утвердить перечень главных администраторов доходов бюджета согласно приложению 3 к настоящему решению.

8. Утвердить Перечень главных администраторов доходов бюджета – территориальных органов (подразделений) федеральных органов государственной власти согласно приложению 4 к настоящему решению.

9. Утвердить распределение бюджетных ассигнований на 2023 год по разделам и подразделам классификации расходов бюджетов Российской Федерации согласно приложениям 6, 7 к настоящему решению.

10. Утвердить распределение бюджетных ассигнований на 2023 год по разделам, подразделам, целевым статьям муниципальным программам и непрограммным направлениям деятельности, группам видов расходов классификации расходов бюджетов Российской Федерации согласно приложениям 8, 9 к настоящему решению.

11. Утвердить ведомственную структуру расходов местного бюджета на 2022 год по главным распорядителям средств местного бюджета, разделам, подразделам, целевым статьям, муниципальным программам и непрограммным направлениям деятельности, группам видов расходов классификации расходов бюджетов Российской Федерации согласно приложениям 10, 11 к настоящему решению.

12. Утвердить, что остатки средств местного бюджета на начало текущего финансового года в объеме 100 процентов направляются на покрытие временных кассовых разрывов, возникающих при исполнении местного бюджета.

13. Настоящее решение вступает в силу со дня его опубликования, но не ранее 1 января 2023 г.

14. Настоящее решение подлежит официальному опубликованию в газете и размещению на официальном сайте администрации МО «село Шалиб» в информационно-коммуникационной сети «Интернет».

***Председатель Собрания депутатов***
***М.МУРТАЗАЛИЕВ***

Приложение № 1
к решению Собрания депутатов МО «село Шалиб»
от 28 декабря 2022 г. № 5

**Прогнозируемые доходы бюджета МО «село Шалиб» на 2023 год**

***(рублей)***

| Наименования доходов | Код дохода БК | Сумма |
|---|---|---|
| Доходы бюджета - всего | | 2,542,240.00 |
| Налоговые и неналоговые доходы | 000 1 00 00000 000000 000 | 98,000.00 |
| Налоги на прибыль, доходы | 000 1 01 00000 00 0000000 | 2,000.00 |
| Налог на доходы физических лиц | 000 1 01 02000 01 0000110 | 2,000.00 |
| Налог на доходы физических лиц с доходов, источником которых является налоговый агент, за исключением доходов, в отношении которых исчисление и уплата налога осуществляются в соответствии со статьями 227, $227^1$ и 228 Налогового кодекса Российской Федерации | 000 1 01 02010 01 0000110 | 2,000.00 |
| Налоги на имущество | 000 1 06 00000 00 0000000 | 8,000.00 |
| Налог на имущество физических лиц, взымаемый по ставкам, применяемым к объектам налогообложения, расположенным в границах поселений | 000 1 06 01030 10 0000110 | 8,000.00 |
| Земельный налог | 000 1 06 06000 00 0000110 | 76,000.00 |
| Земельный налог с организаций, обладающих земельным участком, расположенным в границах сельских поселений (сумма платежа (перерасчеты, недоимка и задолженность по соответствующему платежу, в том числе по отмененному) | 000 1 06 06033 10 0000110 | 0.00 |
| Земельный налог с физических лиц, обладающих земельным участком, расположенным в границах сельских поселений (сумма платежа (перерасчеты, недоимка и задолженность по соответствующему платежу, в том числе по отмененному) | 000 1 06 06043 10 0000110 | 76,000.00 |
| ГОСУДАРСТВЕННАЯ ПОШЛИНА, СБОРЫ | 000 1 08 00000 00 0000000 | 2,000.00 |
| Государственная пошлина за совершение нотариальных действий должностными лицами органов местного самоуправления, уполномоченными в соответствии с законодательными актами Российской Федерации на совершение нотариальных действий | 000 1 08 04020 01 0000110 | 2,000.00 |
| Единый сельхозналог | 000 105030100110000110 | 10,000.00 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ | 000 2 00 00000 00 0000000 | 2,432,240.00 |
| БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ ОТ ДРУГИХ БЮДЖЕТОВ БЮДЖЕТНОЙ СИСТЕМЫ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ | 000 2 02 00000 00 0000000 | 2,432,240.00 |
| Дотации бюджетам сельских поселений на выравнивание бюджетной обеспеченности | 000 2 02 15001 10 0000150 | 2,444,240.00 |
| Субвенции бюджетам сельских поселений на осуществление первичного воинского учета на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты | 000 2 02 35118 10 0000150 | 132,000.00 |
| ИТОГО ДОХОДОВ | | **2,542,240.00** |

Приложение № 3
к решению Собрания депутатов МО «село Шалиб»
от 28 декабря 2022 г. № 5

**Перечень главных администраторов доходов бюджета МО «село Шалиб» – территориальных органов (подразделений) федеральных органов государственной власти**

| Код бюджетной классификации Российской Федерации | | Наименование главного администратора доходов бюджета |
|---|---|---|
| главного администратора доходов | доходов бюджета | |
| 182 | Управление Федеральной налоговой службы по Республике Дагестан | |
| 182 | 1 01 02010 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц с доходов, источником которых является налоговый агент, за исключением доходов, в отношении которых исчисление и уплата налога осуществляются в соответствии со статьями 227, $227^1$ и 228 Налогового кодекса Российской Федерации |
| 182 | 1 01 02030 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц с доходов, полученных физическими лицами в соответствии со статьями 228 Налогового кодекса Российской Федерации |
| 182 | 1 01 02040 01 0000 110 | Налог на доходы физических лиц в виде фиксированных авансовых платежей с доходов, полученных физическими лицами, являющимися иностранными гражданами, осуществляющими трудовую деятельность по найму у физических лиц на основании патента в соответствии со статьей 227.1 Налогового кодекса Российской Федерации |
| 182 | 1 06 01030 10 0000 110 | Налог на имущество физических лиц, взымаемый по ставкам, применяемым к объектам налогообложения, расположенным в границах поселений |
| 182 | 1 06 06033 10 0000 110 | Земельный налог с организаций, обладающих земельным участком, расположенным в границах сельских поселений (сумма платежа (перерасчеты, недоимка и задолженность по соответствующему платежу, в том числе по отмененному) |
| 182 | 1 06 06043 10 0000 110 | Земельный налог с физических лиц, обладающих земельным участком, расположенным в границах сельских поселений (сумма платежа (перерасчеты, недоимка и задолженность по соответствующему платежу, в том числе по отмененному) |

***Председатель Собрания депутатов МО «село Шалиб»***
***М.МУРТАЗАЛИЕВ***

Приложение № 4
к решению Собрания депутатов МО «село Шалиб»
от 28 декабря 2022 г. № 5

**РАСПРЕДЕЛЕНИЕ БЮДЖЕТНЫХ АССИГНОВАНИЙ НА 2023 ГОД ПО РАЗДЕЛАМ И ПОДРАЗДЕЛАМ КЛАССИФИКАЦИИ РАСХОДОВ БЮДЖЕТОВ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ БЮДЖЕТА МО «село Шалиб»**

(рублей)

| № | Наименование | Рз | ПР | Сумма |
|---|---|---|---|---|
| | В С Е Г О | | | 2 542 240,00 |
| 1. | ОБЩЕГОСУДАРСТВЕННЫЕ ВОПРОСЫ | 01 | | 1 740 240,00 |
| | Функционирование высшего долностного лица субъекта Российской Федерации и сельского поселения | 01 | 02 | 523 574,00 |
| | Функционирование Правительства Российской Федерации, высших исполнительных органов государственной власти субъектов Российской Федерации, местных администраций | 01 | 04 | 1 216 666,00 |
| | Резервные фонды | 01 | 11 | 10 000,00 |
| | Другие общегосударственные вопросы | 01 | 13 | |
| 2 | НАЦИОНАЛЬНАЯ ОБОРОНА | 02 | | 132 000,00 |
| | Мобилизационная и вневойсковая подготовка | 02 | 03 | 132 000,00 |
| 3 | ЖИЛИЩНО-КОММУНАЛЬНОЕ ХОЗЯЙСТВО | 05 | | 40 000,00 |
| | Благоустройство | 05 | 03 | 10 000,00 |
| 4 | ОБРАЗОВАНИЕ | 07 | | 20 000,00 |
| | Проведение мероприятий по молодёжной политике | 07 | 07 | |
| 5 | КУЛЬТУРА, КИНЕМАТОГРАФИЯ | 08 | | 600 000,00 |
| | Культура | 08 | 01 | 600 000,00 |
| 6 | ФИЗИЧЕСКАЯ КУЛЬТУРА И СПОРТ | 11 | | 10 000,00 |
| | Физическая культура | 11 | 01 | 10 000,00 |

***Председатель Собрания депутатов***
***М.МУРТАЗАЛИЕВ***

# РакI рагъараб кIалъай

Районалъул бетIер МухIидин МухIамадов данд-чIвана районалда хIалтIулеб бугеб «Инсан» фондалъул нухмалъулев МухIамадшарип МухIамадовгун. Хабар ккана «Продукция щибаб рокъобе» абураб пайда бугеб акция тIобитIиялъе гъабулеб бугеб хIадурлъиялда хурхараб. ТIаде щолеб бугеб хирияб Рамазан моцIалъул хIурматалда рехсараб акция районалда тIобитIизе бугин лъазабуна «Инсан» фондалъул нухмалъулес.

Районалъул имамзабазул советалъул председатель ШагIбан ХIапизовасдаса акция тIобитIиялъе эстафета къабул гъабуна районалъул бетIер МухIидин МухIамадовас.



Гъединго гъоркьоб лъуна районалда дагъго хьезарурал хъизамал чан ругел ва гъезие кинал кумекал хIажат ругел абураб суалги.

Баянлъана жакъасеб къоялде районалда дагъго хьезарулел хъизанал дагъалъун ругин. Гъелъие цо рахъалъулаб квербакъи гъабулеб буго пачалихъалъ лъимал ругел дагъго хьезарурал хъизаназе кьолел гIарцулал сурсатал рукIин.

# Акциялъулъ гIахьаллъана

ЧIарада районалъул администрациялъул хIалтIухъаби районалъул бетIер МухIидин МухIамадовгун лъугъана «Все для победы!» абураб Дагъистаналъул халкъияб фронталъул акциялъул кьеразулъе, гъеб лъазабун буго 23 февралалъул хIурматалда.

ГIахьалчагIаз администрациялъул минаялда цере чIварал игIланазда ругел хасал QR-кодалги телефоналде росун «Все для победы!» абураб фондалде битIана бажарараб къадаралъулаб гIарац. Гъезул рагIабазда рекъон рехсараб акциялъулъ гIахьаллъи гъабизе буго киналго учреждениязул, организациязул ва нилъерго ракьцоязухъ ракIбухIи бугел хасал чагIазги.



«Хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел руго нусгоялдаса цIикIкIун нилъер ракьцоял. Гъел хIажаталлъун кколел руго нижер рахъалъа дагъабго бугониги кумек-кверчIваялда. Нилъер цолъиялъ рагъухъабазул рухIияб рахъ борхизабизе буго ва хехго бергьенлъи босизе квербакъине буго», – ян абуна муниципалитеталъул бетIерас.

Лъазабуна гъединго гIарац



бакIариялъул иш щибаб регионалда унеб бугин жидежидер QR-кодалда рекъон.

Гъедин бакIарараб гIарцухъ босараб хIажатаб къайи битIизе буго Дагъистан Республикаялдаса мобилизоват гьаруразе ва жидеего бокьун рагъде аразе.

***РачIа киназго «Все для победы!» абураб акциялъул рахъ кквезе.***

Приложение № 5
к решению Собрания депутатов МО «село Шалиб»
от 28 декабря 2022 г. № 5

**ВЕДОМСТВЕННАЯ СТРУКТУРА РАСХОДОВ БЮДЖЕТА МО «СЕЛО ШАЛИБ» НА 2023 ГОД ПО ГЛАВНЫМ РАСПОРЯДИТЕЛЯМ СРЕДСТВ МЕСТНОГО БЮДЖЕТА, РАЗДЕЛАМ, ПОДРАЗДЕЛАМ, ЦЕЛЕВЫМ СТАТЬЯМ, ГРУППАМ ВИДОВ РАСХОДОВ КЛАССИФИКАЦИИ РАСХОДОВ БЮДЖЕТОВ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**(тыс. рублей)**

| Наименование | ГРБС | Рз | ПР | ЦСР | ВР | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|---|
| *Администрация МО «село Шалиб»* | *1* | | | | | *2 542 240,00* |
| **ОБЩЕГОСУДАРСТВЕННЫЕ ВОПРОСЫ** | **1** | **01** | | | | **1 740 240,00** |
| **Функционирование высшего должностного лица субъекта Российской Федерации и муниципального образования** | **1** | **01** | **02** | | | **523 574,00** |
| ***Руководство и управление в сфере установленных функций органов государственной власти субъектов Российской Федерации и органов местного самоуправления*** | ***1*** | ***01*** | ***02*** | ***002 00 00 000*** | | ***523 574,00*** |
| **Глава сельского поселения** | **1** | **01** | **02** | **002 03 00 000** | | **523 574,00** |
| *Расходы на выплаты персоналу государственных (муниципальных) органов* | *1* | *01* | *02* | *002 03 00 000* | *120* | *523 574,00* |
| **Функционирование Правительства Российской Федерации, высших исполнительных органов государственной власти субъектов Российской Федерации, местных администраций** | **1** | **01** | **04** | | | **1 216 666,00** |
| ***Руководство и управление в сфере установленных функций органов государственной власти субъектов Российской Федерации и органов местного самоуправления*** | ***1*** | ***01*** | ***04*** | ***002 00 00 000*** | | ***1 216 666,00*** |
| **Центральный аппарат** | **1** | **01** | **04** | **002 04 00 000** | | **1 216 666,00** |
| *Расходы на выплаты персоналу государственных (муниципальных) органов* | *1* | *01* | *04* | *002 04 00 000* | *120* | *976 500,00* |
| *Иные закупки товаров, работ и услуг для обеспечения государственных (муниципальных) нужд* | *1* | *01* | *04* | *002 04 00 000* | *240* | *230 166,00* |
| **Резервные фонды** | **1** | **01** | **11** | | | **10 000,00** |
| ***Резервные фонды*** | ***1*** | ***01*** | ***11*** | ***070 00 00 000*** | | ***10 000,00*** |
| **Резервные фонды местных администраций** | **1** | **01** | **11** | **070 05 00 000** | | **10 000,00** |
| *Резервные средства* | *1* | *01* | *11* | *070 05 00 000* | *870* | *10 000,00* |
| **Другие общегосударственные вопросы** | **1** | **01** | **13** | | | |
| **Содержание бухгалтерии** | **1** | **01** | **13** | **9990029900** | | |
| Расходы на выплаты персоналу (оплата труда и начисления) | 1 | 01 | 13 | 9990029900 | 110 | |
| **Прочие закупки услуг, товаров** | **1** | **01** | **13** | **9990029900** | **240** | |
| **НАЦИОНАЛЬНАЯ ОБОРОНА** | **1** | **02** | | | | **132 000,00** |
| **Мобилизационная и вневойсковая подготовка** | **1** | ***02*** | **03** | | | **132 000,00** |
| **Осуществление первичного воинского учета на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты** | **1** | **02** | **03** | **998 0051 180** | | **132 000,00** |
| *Расходы на выплаты персоналу государственных (муниципальных) органов* | *1* | *02* | *03* | *9980051180* | *120* | *132 000,00* |
| *Иные закупки товаров, работ и услуг для обеспечения государственных (муниципальных) нужд* | *1* | *02* | *03* | *9980051180* | *240* | |
| **ЖИЛИЩНО-КОММУНАЛЬНОЕ ХОЗЯЙСТВО** | **1** | **05** | | | | **40 000,00** |
| **Благоустройство** | **1** | **05** | **03** | | | **10 000,00** |
| ***Содержание сети уличного освещения*** | ***1*** | ***05*** | ***03*** | ***999 60 1 000*** | | ***10 000,00*** |
| **Содержание кладбищ, мест захоронения** | **1** | **05** | **03** | **99960 0 400** | | ***5 000,00*** |
| *Иные закупки товаров, работ и услуг для обеспечения нужд поселенияпо прочим мероприятиям* | *1* | *05* | *03* | *9996000500* | *240* | |
| *Капитальные вложения в объекты благоустройства* | *1* | *05* | *03* | *9996000500* | *410* | |
| *Иные закупки товаров, работ и услуг для обеспечения государственных (муниципальных) нуждкоммун. Хозяйства (водоснабжение)* | *1* | *05* | *02* | *9993510500* | *240* | *25 000,00* |
| **ОБРАЗОВАНИЕ** | **1** | **07** | | | | **20 000,00** |
| *Иные закупки товаров, работ и услуг для обеспечения государственных (муниципальных) нужд* | *1* | *07* | *07* | *9994310100* | *240* | 20 000,00 |
| **КУЛЬТУРА, КИНЕМАТОГРАФИЯ** | **1** | **08** | | | | **600 000,00** |
| **Культура** | **1** | **08** | **01** | | | **600 000,00** |
| ***Субсидии на фин. Обеспечение выполнения муниципального задания*** | ***1*** | ***08*** | ***01*** | ***9994409900*** | *611* | ***600 000,00*** |
| *Субсидии на фин. Обеспечение выполнения капитального ремонта здания* | *1* | ***08*** | *01* | *9994409900* | *612* | |
| **ФИЗИЧЕСКАЯ КУЛЬТУРА И СПОРТ** | **1** | **11** | | | | **10 000,00** |
| **Физическая культура** | **1** | **11** | **5** | | | **10 000,00** |
| *Иные закупки товаров, работ и услуг для обеспечения государственных (муниципальных) нужд* | *1* | *11* | *05* | *9995129700* | *240* | *10 000,00* |

***Председатель Собрания депутатов***
***М.МУРТАЗАЛИЕВ***

# Гьадин хъулухъ гьабула нилъер гIолохъабаз



МаламухIамадов ХIажи ГIабдурахIманович гьавуна ЧIарада районалъул ЧIарада росулъ 1995 соналда. Росулъ аслияб школа лъугIун хадув ХIажи цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул нухазулгун техникияб институталде (МАДИ). 2017 соналда гьебги лъугIизабун ХIажие бокьана контракталда рекъон Россиялъул Армиялда хъулухъ гьабизе ине.

Гьенив ХIажи хъулухъ гьабизе витIана чанго батIиял рагъулал частазде. Гьев гьоркьоб вугеб кьокьа (АТД мрк «Орехово Зуево») 2021 соналъул микьабилеб марталдаса анцIила ункъабилеб июналде щвезегIан ритIана Сириялъул Тартус шагьаралъул порталда хасаб рагъулаб тIадкъай тIубазабизе.

Гьениса нахъвуссун хадув Украинаялда хасаб рагъулаб операция байбихьарабго ХIажи ана гьениве. Гьев хъулухъ гьабизе ккана РФялъул оборонаялъул министерствоялъул № 31140 рагъулаб часталде.

2022 соналъул 14 апрелалда Украинаялъул Мариуполь шагьаралда, цIа боркьараб рагъда хасаб операция тIубазабулаго ХIажи ГIабдурахIманович захIматго лъукъана. Госпиталалдаса гьесухъе кьураб справкаялда хъван буго 15 апрелалда ХIажи МаламухIамадов захIматго лъукъун вугилан. Гьесул кваранаб хIатIил щукIдул тIуранго тIутIун руго, хIетIе багъарулеб гьечIо. Кваранаб къелхIамаялда жаниб гьабсагIатги къан хутIун буго кьвагьараб минаялъул кесек. КватIичIого операцияги гьабун гьеб нахъе бахъизе бугин лъазабуна тохтурзабаз.

Жиндаго бихьараб захIматгIакъубаялъул бицине ХIажие гIемер бокьуларо. Амма живго лъукъун вукIаниги аскIов вукIарав лъукъарасул гIумруги хвасар гьабун буго гьес.

Рагъулаб оборонаялъул министерствоялда рихьичIого



хутIун гьечIо ХIажи МаламухIамадовасул бахIарчияв ишал. Гьесие кьун руго «За боевые отличия» абурал медалал.

Кьеги ХIажие ва гьевго гIадал гIолохъабазеги сахлъи, талихI ва ракълилаб зобалда гьоркь халатаб, аваданаб гIумру. Хехго рагьги лъугIун тIадруссине хъван батаги Украинаялда СВОялда гIахьаллъулел киналго рагъухъабазе.

*Заират ДАМАДАЕВА*

# Халкъияб медицина

### РАХЬ ВА ГЬОЦIО

Редиска гьорлъ бельараб гIакдал рахь гьекьани, понцIеро бацIцIалъула жанире ккарал чIинхаздаса. Гьединго редискадул сок радал мачIикьаго гьекьани, гьелъги рихIинарула понцIероялъур ругел чIинхал.

МачIго рахь гьекъеялъ гьурмал кьер берцинлъизабула, сахлъи цIунула. Сахлъиялъе пайда босизе лъикIаб нигIмат буго нахги, хасго гIакдал. Амма гIакдал гьан кваназе беццараб гьечIо.

ГьацIул хIалкIолъабазул рагIичIев чи къанагIатги ватиларо. Гьеб кинабго унтуе даруйищ яги цо хасал унтабазе даруйищин цIехедал, гIарабазул гIалим ибну МасгIудица абун буго гьоцIо бугин кинабниги унтиялъе даруйилан.

РакIалда жо чIоларого бугезе лъикIаб буго рахь гьекъезе ва гьоцIо кваназе. ТIибалъул гIалимзабаз абула гьеб кIиябго гьекъезе кколин цIадал лъимгун цадахъ, мачIикьаго.

### ЗАЙТУНАЛЪУЛ НАХ

Британиялъул гIалимзабаз гIелмиял цIех-рехал гьарун руго 40-65 сон гIумруялъул барав 25000 чиясда тIад хIалбихьиялги гьарун. Микьго соналдасан 22 чиясе диагноз лъун буго ругьнал лъугьун, кIудияб бакь унтун бугин. Гьеб унти ккараз щиб ва кин кваналеб букIарабин абун диетологаз цIех-рех гьабидал, гьез кьарияб гьан, беэнлъи гьорлъ бугеб квен кваналеб батун гьечIо. Олеиновая абулеб ва цогидалги кьариял кислотаби гьезул ургьире ккоелел рукIун гьечIо.

Гьединго гIалимзабаз чIезабун буго гьоркьоса кьотIичIого зайтуналъул нах хIалтIизабулезул кIудияб бакь унтизе рес гьечIин. Гьединаб хIукмуялде вачIарав гIалимчи ккола Эндрю Гьарт. Гьесул рагIабазда рекъон (беэнлъиялда гьорлъ букIунеб кислотаялъ), бищунго цIакъ олеиновая кислотаялъ ургьимес, хасго кIудияб бакь ругьун лъугьиналдаса цIунулеб буго. Эндрю Гьартица хъвалеб буго кьойида жаниб цо нухалъгIаги 2-3 гьуд цIураб зайтуналъул нах гьекъезе лъикIаб бугин.

### БАЗЕЛИК

РайхIаналъул (базелик) буго 150 батIияб тайпа. ГIурччинаб райхIаналъул тIанхал ххенон, кьанцIагун жубан ботIрода бахьани, магIазукъалахъа бачIунеб би кьотIула. Бакъвараб райхIаналъул тIамах хъурун ругънаде щвани гьеб сахлъула. Черхалда тIад бахани, гIетIумахI, хасго къвалакьа махI уна. Бекараб ракьаялде райхIаналъул бахьараб лъим тIуни, гьеб хехго сахлъула. БотIрол тIом, ботIрол ругьнал нахги жубан ххенараб райхIан ругьнада тIад чIвани сахлъула. Гьелъул махIалъ тIутIал, кIкIурби рачахъула. РайхIаналъул лъамалъи лъикIаб буго щекьер, бронхит, ларингит, кванирукъ, бакьал унтаразе. КIващул пунцIеро, кванирукъ унтаразе лъикIаб буго райхIаналде тIаде гьалараб лъим тIун, гьеб гьекъезе.

Гьелъул махI лъикIаб буго ракI ва керен унтаразе.

Жакъасеб медицинаялъ райхIан хIалтIизабула нерваби унтарав чи гIодове виччазавизе, би лъикI хIалтIизабизе. Гьелъ бидулъ хиса-баси гьабулелъул, чакрил унти, цIикIкIараб бидул тIадецуй бугез, инфаркт ккарал, бидурихьал кьваридал чагIаз райхIан хIалтIизабизе ккола цIодорго. Лъимер гьабизе йигей чIужугIаданалъе хIалтIизабизе лъикIаб гьечIо. РайхIаналда гьоркьор руго С, РР, В2 витаминал. Гьединлъидал гьелдаса пайда босизе бегьула квен гьабулелъулги. Кванилъе гьеб гьабула ахиралда, гьелъул махI цIунизелъун.

### ГРАНАТ

Машгьурав гIалимчи ибну ГIабасица абун буго гранат алжаналъул пихъ бугилан. ГIали-асхIабасги абун буго: «Нужеца гранат кванай, гьелъ кванирукъалъул хьал щула гьабула», – ян.

Гранаталъул руго батIибатIиял тайпаби. Масала, гьуинаб гранат лъикIаб буго кванирукъ, щекьер, гьуърул унтулев, хьегIулев чиясе. Гьелъ маниги цIикIкIинабула, цIа-кан бугев чиясеги лъикIаб буго.

КьогIаб гранат лъикIаб буго ццидал кьвачIа унтаразе. Гьединго гьелъ риххелги кьотIизабула.

ГьоцIогун цадахъ гранаталъул мугьал кванани, гьелъ квешаб унти (рак) чIезабула. Чедгун цадахъ кванани, пайда цIикIкIараб буго, жибго цохIо кванаялдаса.

Абу ибн Синаца абуна гранат лъикIаб бугила тIул унтарав чиясе, тIогьилаб унтуе (гепатит В), кьечIалъе, хехго ракI кьабулезе.

Гиппократица хъвалеб буго гранаталъул хьал лъикIаб бугила рихьел щварасе, гьелъул сок-кванирукъ унтарасе. Гьелъул хьал бельун гьабураб лъамалъи лъикIаб буго чорхолъ хIутIал, цунтрул ругел чагIазе. Бищунго гранаталъул пайда цIикIкIараб жо ккола гьелъул сок. Гьелда гьорлъ руго инсанасе чара гьечIого кьваригIунел ферментал, витаминал, бидуе чара гьечIого хIажатал жал.

*«ТIибалъул гIелму» тIехьалдаса*

## *Авар кицаби ва абиял*

- Махсара лъикIаб кIиго чи велъараб.
- Маххул нуцIа цIулал нуцIаялде ккараб.
- МахщалиЦа квен гьабуларо, жинцаго кьола.
- МахIалда хIал букIаго, хIетI босе.
- МацI гIадамасул кунге, хIайваналъул куне.
- МацIалда ракьа гьечIо, амма гьелъ ракьа бекула.
- МацIалде гьоцIо тIун, гьодилъ жо баге.
- МацIалда кIолаго, кIудиялде ваккуге.
- МацIид чи чIвала, цIогьод оц хьола.
- Маялда мал бани, кьеялда кьили чIвазе кколеб.
- Маян кьураб босичIони, кьеян гьаризе кколеб.
- МегIер бичилалде хер биче, хер бичилалде хьацI биче (цин къадараб биче, хадуб гурони лъикIаб бичугеян абураб жо).
- МегIер кIкIваниш, гIор кIкIваниш? (яшав гьабизе, гIадамазулгун хIал рекъезабизе гьедигIан бакIабзахIматаб жоян абураб магIна).
- МегIер мегIералде кколареб, гIадан гIадамасде кколев.
- МегIер мегIералде щун бугилан абуни, божа, гIадамас ругьунаб гIамал тун бугилан абуни божуге.

## АТТЕСТАТ БИЛУН БУГО

Кьорош гьоркьохъеб школалъ 1993 соналда ГIабдулвагьабов МухIамад АхIмадовичасул цIаралда кьураб аттестат № 05 АБ 0051419 билун букIиналда бан, **гьеб хIакъикъияблъун рикIкIунаро.**

## АТТЕСТАТ БИЛУН БУГО

ГIириб гьоркьохъеб школалъ 2018 соналда ХIайбулаев Салман ХIамзатовичасул цIаралда кьураб аттестат 00518001620600 билун букIиналда бан, **гьеб хIакъикъияблъун рикIкIунаро.**

**ЧIАРАДА**
**Директор МБУ «ЕИС»** Земфира МухIамадова
**Жавабияв секретарь** Къасум Чахиев
**ГьитIинай редактор** Манарша Расулова
**Корреспондент** Шахзанат Шамсудинова
**Набор** - Ирайсат МухIамадгIалиева
**Редактор-стилист** Аминат ГIабдурахIманова

**Газета гIуцIарал:** **«ЧIарада район» муниципалияб гIуцIиялъул администрация**
**Учредитель:** **Администрация муниципального образования «Чародинский район»**

**Газета къватIибе биччана «Лотос» ОООялъул типографиялда Адрес: 367000, МахIачхъала, Петр 1 проспект, 61.**
**Заказ №____**

**Газета къватIибе биччазе байбихьана 1937 соналъ. Редакциялъул ва издательствоялъул адрес: 368450, ДР ЧIарада район, ЦIуриб росу, имам Шамилил къватI, 5**
**Тираж 1000**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужжабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз**

**Газета «Чарада» зарегистрирована Южным межрегиональным территориальным управлением МПТР РФ 29 октября 2002 г. Регистрационный № ПИ 10 - 4666**

**ИНДЕКС: 513 79. Багьа 8 гъур. Печаталъе гъулбасана 16:00с. Гъулбасана 15:30 с.**

***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо» - Ж.Сервантес***